

WE ARE YOUR DOL



Department of Labor

ASIRANS CHOMAJ AK DAT ANE BENEFIS (BYE) LA FINI AN

NYS DOL mete ajou konsèy li yo pou asire ke Nouyòkè kap apwoche dat fen ane benefis (BYE) yo pra'l resevwa nouvo oswa benefis pwolonje ke yo gen dwa a li a pi vit posib.

"Dat BYE" la se dat lè reklamasyon asirans chomaj (UI) yon moun fini - aprè dat yon reklamasyon BYE pase, ou pa ka kolekte okenn benefis adisyonèl sou reklamasyon sa a. Pou wè dat reklamasyon BYE ou, konekte sou labor.ny.gov/signin avèk non itilizatè ak modpas **NY.gov** ou an epi klike "View Payment History" ki anba "Unemployment Services" (gade anba a pou yon ekzanp).

Jou Efektif:	
Dat Ane Benefis La Fini:	
Kantite Benefis Chak Semèn:	
Kantite Maksimòm Peyab:	
Jou Efektif ki Rete:	

Reklamasyon UI (ASIRANS CHOMAJ): Si ou toujou pap travay lè reklamasyon ou an rive nan dat BYE li, ou ka kalifye pou benefis pwolonje nan pwogram federal yo **oswa** pou yon reklamasyon konplètman nouvo, ki baze sou istwa travay ou ak salè ki pa sòti travay endepandan ou touche depi ou te ranpli premye reklamasyon ou an. Pa egzanp:

- **Si ou pa te travay pou yon anplwayè OSWA ou te travay pou yon patwon men ou pa touche 10 fwa pousantaj benefis ou chak semèn depi ou te fè premye reklamasyon ou an:** Kontinye sètifye sou reklamasyon ki egziste deja ou an. Ou ka kontinye sètifye sou reklamasyon ki egziste deja ou an. Ou pa bezwen re-aplike si ou pa retounen nan travay, men si ou chwazi pou ou re-aplike, n ap revize kalifikasyon ou pou yon nouvo reklamasyon.
- **Si ou te travay pou yon anplwayè EPI ou touche 10 fwa pousantaj benefis chak semèn ou depi ou te ranpli premye reklamasyon ou an:** Ou dwe ranpli yon nouvo reklamasyon. Si ou kontinye reklame sou yon reklamasyon ekspire, benefis ou yo ka sispann.

Si ou bezwen ranpli yon nouvo reklamasyon, pi bon fason pou ranpli yon nouvo reklamasyon pou benefis se sou entènèt. Ale sou labor.ny.gov/signin epi klike sou "File a Claim." Yon lòt fason, ou kapab tou ranpli yon nouvo reklamasyon nan sèvis telefòn otomatik nou an lè w rele **888-209-8124**. Yon fwa ke yon nouvo reklamasyon depoze, nou pral detèmine si (1) ou kalifye pou yon nouvo reklamasyon UI, oswa (2) ou ka kontinye resevwa benefis pwolonje sou reklamasyon ki egziste deja ou an.

Si w ap ranpli yon reklamasyon pou benefis nan mwa Mas oswa Avril 2021, jou ou ta dwe ranpli nouvo reklamasyon ou pou benefis yo baze sou premye lèt non fanmi ou:

- **A – F:** depoze nouvo reklamasyon ou Madi aprè dat BYE ou an
- **G – N:** depoze nouvo reklamasyon ou Madi aprè dat BYE ou an
- **O – Z:** depoze nouvo reklamasyon ou Madi aprè dat BYE ou an

NYS DOL ap voye imèl, mesaj tèks, ak fòm DocuSign via imèl bay reklamasyon k ap resevwa UI pandan y ap apwoche dat BYE yo. Swiv enstriksyon yo sou imèl la ak/oswa mesaj tèks epi ranpli fòm DocuSign pou resevwa pou jwenn benefis ou gen dwa.

Nouvo oryantasyon sa a gen enpak sou reklamasyon ki fini 7 Mas 2021 oswa apre.

Reklamati PUA: Baze sou lwa federal, reklamati k ap resevwa Asistans Chomaj Pandemi (PUA) **PA** oblije reaplike lè reklamasyon yo rive nan dat BYE li an. Pandan ke pwogram PUA a ap kontinye, moun kap fè reklamasyon ki rete nan chomaj yo ta dwe kontinye sètifye pou resevwa benefis ke yo gen dwa pou li.

Si ou rate jou ou ranpli, ou ka ranpli nouvo reklamasyon ou nan **Vandredi** aprè dat BYE ou a, oswa jou ki kòrèk la nan yon semèn pita. Pandan ke li ka pran 2-3 semèn pou trete nouvo reklamasyon ou an, yo pral peye ou tout avantaj yo dwe ou nan nouvo pousantaj benefis ou an. Aprè ou fin ranpli nouvo reklamasyon ou an, kontinye sètifye chak semèn pandan ou pap travay.

KESYON YO POZE PI SOUVAN

K: KOUMAN MWEN KA KONNEN SI MWEN AP RESEVWA BENEFIS UI OSWA PUA?

Gen kèk fason pou di si ou aktyèlman ap resevwa UI oswa benefis PUA:

1. Aprè ou te depoze premye reklamasyon ou an, ou ta dwe resevwa yon lèt Avi sou Detèminasyon Elijibilite nan lapòs ki deklare ke yo te jwenn ou elijib pou UI oswa PUA.
2. Si yo poze w kesyon ki gen rapò ak COVID-19 chak semèn lè w ap sètifye, w ap resevwa benefis PUA.
3. NYS DOL ap voye mesaj tèks ak imèl bay Nouyòkè k ap resevwa UI ak PUA pandan y ap apwoche dat fen dane benefis yo fini an. Lè ou resevwa imèl la, liy sijè a ap di si w ap resevwa UI oswa PUA.

Tanpri note: Vin pap travay pandan pandemi an pa vle di otomatikman w ap resevwa benefis PUA.

K: KOUMAN POU MWEN DETÈMINE SI MWEN TE TOUCHE DIS FWA POUSANTAJ BENEFIS CHAK SEMÈN MWEN YO?

Pou detèmine si ou te touche dis fwa pousantaj benefis ou, multipliyè kantite lajan benefis chak semèn ou an pa 10. Si ou te touche plis pase kantite lajan sa a (eksepte salè nan travay endepandan) nan total depi ou te ranpli premye reklamasyon ou pou benefis yo, ou dwe aplike ankò pou benefis yo.

K: KOUMAN POU MWEN JWENN DAT BYE MWEN AN AK POUSANTAJ BENEFIS CHAK SEMÈN?

Ou ka jwenn dat BYE ou ak pousantaj benefis chak semèn nan Istwa Pèman ou nan kont sou entènèt ou an. DOL la ap di w tou ke li lè pou ou ranpli yon nouvo reklamasyon pou benefis si ou soumèt yon sètifikasyon chak semèn apre dat BYE reklamasyon ou an te pase.

K: M AP RESEVWA BENEFIS PUA, MEN SISTÈM SOU ENTÈNÈT LA AP DI M POU M FÈ YON NOUVO REKLAMASYON. KISA MWEN DWE FÈ?

Retcheke pou w konfime ke w ap resevwa benefis PUA. Si se sa ou fè, ou ka neglije mesaj sa a epi jis kontinye sètifye chak semèn pandan w pap travay.

K: KI PI BON FASON POU RE-APLIKE POU BENEFIS? KONBYEN TAN LI PRAL PRAN POU RESEVWA BENEFIS ANKÒ?

Pi bon fason pou ranpli yon nouvo reklamasyon pou benefis se sou entènèt. Ale sou labor.ny.gov/signin epi klike sou "File a Claim." Ou kapab tou ranpli yon nouvo reklamasyon nan sèvis telefòn otomatik nou an lè w rele **888-209-8124**. Si yo jwenn ou elijib pou yon nouvo reklamasyon, li ka pran 2-3 semèn pou reklamasyon ou a trete anvan ou kòmanse resevwa benefis ankò. Yo pral peye ou tout benefis ou gen dwa a, ki gen ladan nenpòt ranbousman ou dwe pandan reklamasyon an te trete. Kontinye sètifye chak semèn pandan nouvo reklamasyon ou ap tann apwobasyon.

Pou asire nouvo aplikasyon w lan pou benefis yo apwouve pi vit ke posib, asire w ke ou gen tout bagay sa yo avèk ou anvan ou ranpli:

- Lisans chofè Eta Nouyòk ou oswa nimewo kat idantifikasyon otomobil ou (si ou genyen youn)
- Adrès postal konplè ou ak kòd postal ou
- Yon nimewo telefòn kote nou ka kontakte ou soti 8 am - 5 pm, Lendi - Vandredi
- Nimewo kat enskripsyon etranje ou (si ou pa yon sitwayen ameriken epi ou gen yon kat)
- Non ak adrès tout patwon ou pou 18 dènye mwa yo, ki gen ladan sa ki nan lòt eta yo; si travay ou te nan yon lòt eta, ou ka bezwen ranpli ak eta sa a, **ou ka bezwen ranpli ak eta sa a.**

- Nimewo Anrejistreman Anplwayè oswa Nimewo Idantifikasyon Anplwayè Federal (FEIN) anplwayè ki pi resan ou (FEIN se sou fòm W-2 ou yo)
- Kopi ou nan fòm SF8 ak SF50, si ou te yon anplwaye federal
- Fòm separasyon (DD 214) ou ki pi resan an, pou sèvis militè yo

K: ÈSKE MWEN KA RELE POU YON EKSTANSYON POU REKLAMASYON UI AKTYÈL MWEN AN OLYE POU MWEN RANPLI YON NOUVO REKLAMASYON POU BENEFIS YO?

Non, si ou te travay pou yon anplwayè epi ou te touche dis fwa pousantaj benefis chak semèn ou (eksepte salè ki soti nan travay endepandan), ou pa ka pwolonje reklamasyon ou ye kounye a. Ou dwe ranpli yon nouvo reklamasyon pou benefis sou entènèt nan labor.ny.gov/signin oswa lè ou sèvi avèk sèvis telefòn otomatik nou an nan 888-209-8124.

K: SI TO BENEFIS CHAK SEMÈN MWEN AN PI BA SOU NOUVO REKLAMASYON UI MWEN AN, ÈSKE MWEN KA RETE SOU PREMYE REKLAMASYON UI MWEN AN?

Si ou kalifye pou yon nouvo reklamasyon UI, ou ka pa kapab resevwa benefis sou yon reklamasyon ekspire menm si to benefis la pi ba.

Lè ou resevwa lèt detèminasyon ou pa lapòs, li pral montre pousantaj benefis ou chak semèn pou UI. Si salè yo montre sou fòm lan pa bon oswa travay oswa salè ki manke, lè sa a ou ka soumèt yon **Demann pou Rekonsiderasyon** pou genyen Detèminasyon Monetè ou an rekonsidere.